

## SS.7.C.2.5

*Distenge ki jan Konstitisyon an prezève e limite dwa endividyèl yo.*

**Sant pou Edikasyon Sivik (Center for Civic Education) te adopte materyèl nan resous ke yo te devlope.**

**SS.7.C.2.5 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 2:** Elèv yo ap egzaminen motivasyon pou limite dwa moun yo.

Libète lapawòl enkli dwa **Premye Amanman** an pou libète ekspresyon, laprès, relijyon, asanble, ak petisyon. Dwa san limit nan libète ekspresyon kapap danjere pou sekirite piblik la, sekirite nasyonal, oswa lòt pwoblèm enpòtan. Si danje a gwo ase, tribinal yo pèmèt pou limite libète lapawòl.

Epitou, kèk dwa kapab limite lè yo an konfli ak lòt dwa oswa valè. Nan sitiyasyon kote dwa yon sitwayen ka an konfli ak dwa yon lòt sitwayen, tribinal yo ka limite dwa yon endividyèl nan fason pou pwoteje dwa tout moun.

Nan ka referans *Schenck vs. U.S. (1919)*, Lakou Siprèm lan te mete **presedan** an nan "tès balans." Tès balans sa a se sou relasyon ki genyen ant dwa endividyèl ak **enterè piblik** la. Dwa yo kapab limite lè enterè piblik la menase. Lakou Siprèm Etazini an te pran desisyon nan diferan ka ke gouvènman an kapab limite dwa yon moun nan bi pou pwoteje enterè piblik la. Nan sitiyasyon sa yo, dwe gen yon balans nan **dwa endividyèl**, dwa lòt moun, epi **byennèt komen**.

**byennèt komen** - kwayans oswa aksyon ke yo wè kòm yon benefis nan kominote a olye ke se enterè endividyèl, yo konnen sa tou kòm byennèt piblik la

**dwa endividyèl** – Dwa ki garanti e ki pou yon moun

**enterè piblik** - benefis ki komen, benefis jeneral piblik la

**Premye Amandman** - yon amannman nan Konstitisyon Etazini an ki entèdi Kongrè a pou l pa etabli yon relijyon, ak pou l pa entèfere ak libète egzèsis relijye, laprès, lapawòl, asanble, oswa petisyon

**presedan** – desisyon tribinal la nan yon ka avan ki gen reyalite pwoblèm legal ki sanble avèk yon ka ki devan tribinal la kounyè a

### Sous:

Quigley, C., & Rodriguez, K. *We the People: The Citizen and the Constitution*. Calabasas, CA: Center for Civic Education, 2007. Print.